«Рассмотрено»
на заседании МО
_____________Ниматулаева П.А..
«_____»________________2017 г.

«Согласовано»
зам. директора по УВР
_____________ Алиев А.Н..
«_____»________________2017г.

«Утверждено»
Директор МКОУ «Кокрекская СОШ»
______________ Омаров Х.Н..
«_____»________________2017г.

# 11 классалъул авар мацIалъул ва адабияталъул тематикияб план.

ГIуцIана:
Ниматулаева П.А.
авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалим.

## *ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН*

*ХIалтIул программа гIуцIун буго гьоркьохъеб школалъул авар мацIалъул программаялъул кьочIодалъун.*
*Авар мацIалъул программа хIадур гьабуна ГI.ГI. Тахо-Годил цIаралда бугеб Дагъистаналъул гIелмиябгин цIех-рехалъул педагогикияб институталъул мацIазул секторалъ. Программа гIуцIана Вакилов ХI.С., ХIамзатов А.ГЬ.*
*Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул министерствоялъ тасдикъ гьабураб.*
*МахIачхъала: НИИ педагогикаялъул издательство.*
*Авар мацIалъул тематикияб план гIуцIун буго учебникалдаса «Авар мацI 6-7 кл.».*
*Автор: А.Гь. ХIамзатиов.*
*Махачкала: издательство НИИ педагогики.*
*Учебник :*
*Авар мацI: А.Гь.ХIасанов*
*СагIтазул къадар:*
*Авар мацI: 34*
*Анкьида жаниб сагIтазул къадар:*
*Авар мацI:1*

***СагIтазул рикьи:***

### *Синтаксис ва пунктуация*

### *РагIабазул дандраял ва предложениял (4 сагIат)*

***I.****Синтаксисалъул аслиял бутIаби. РагIабазул дандраял ва предложениял, гьезда гьоркьоб бугеб батIалъи.*
***II.*** *Глаголал, предметиял цIарал, прилагательниял, наречиял аслияллъунги ккезарун, рагIабазул дандраял гIуцIизе лъай. РагIабазул дандраяздасан предложениял гIуцIизе лъай.*
***I.*** *Каламалъулъ предлжениялъул кIвар. Абиялде балагьун, хабариял, суалиял ва тIалабиял предложениял. АхIул предложение. Гьезул ахиралда лъалхъул ишараби. Предложениялъулъ рагIабазул тартиб ва логикияб (магIнаялъул) ударение.*
***II.*** *ГIадатаб предложениялъул синтаксияб разбор гьабизе лъай. Предложениязул ахиралда кколел лъалхъул ишараби лъезе ругьун гьари. Суалиял ва ахIул предложениялги гьорлъе ккезарун, цо гьитIинаб текст гIуцIизе. БичIчIизе, рагIизе, батизе ва гь.ц. глаголал сказуемояллъун ккараб мехалда, подлежащее жинда падежалда; бокьизе, хиралъизе гIадал глаголал сказуемоелъун ккараб мехалда, подлежащее кьовул падежалда букIунеблъи баян гьабизе.*

## БетIерал ва бетIерал гурел членал (4 сагIат)

**I.** БетIерал членал. Подлежащее, гьеб букIунел падежал. Подлежащеелъун батIи-батIиял каламалъул бутIаби ккей. ЦIарулаб ва глаголияб составияб сказуемое. БитIараб дополнение. БитIараб дополнениелъун кколел каламалъул бутIаби. БитIараб дополнениялда ва аслияб падежалда бугеб подлежащеялда гьоркьоб батIалъи. Цадахълъел. РатIалъизарурал членалгун предложениял ва гьезулъ лъалхъул ишараби.

**II.** Подлежащеегун сказуемое жинсгун ва формагун рекъонккей. Бухьен гьоркьоб биччан бугони, подлежащеялдаги сказуемоялдаги гьоркьоб тире лъезе ругьун гьари. Предложениял тIиритIизаризе ругьун гьари. РатIалъизарурал членалги гьорлъе ккезарун, тIабигIаталъул хIакъалъулъ цо гьитIинаб хабар хъвай.

## Тайпа цоял членалгун предложениял (2 сагIат).

**I.** Предложениялъулъ тайпа цоял членазул батIи-батIиял кьерал. Подлежащеегун ва битIараб дополнениегун сказуемоялъул рекъонккей. Тайпа цоял членал ругеб мехалда гIамлъул рагIаби ва лъалхъул ишараби.

**II.** Тайпа цоял членал ругеб предложение членазде биххизе лъай. Тайпа цоял членалгун гIамлъул рагIи хIалтIизаби ва лъалхъул ишараби (кIитIанкI, тире) битIун лъезе ругьун гьари.

## ХитIабалги, гьоркьор ккарал рагIабиги ва междометиялги гьорлъ ругел предложениял (3 сагIат).

**I.** Каламалда жаниб хитIабалъул, гьоркьор ккарал рагIабазул ва междометиязул кIвар. Гьелгун лъалхъул ишараби.

**II.** ХитIабгун, гьоркьор ккарал рагIабигун гьитIинабго хабар гIуцIи. ХитIабалги гьоркьор ккарал рагIабиги ругел предложениял, интонация цIунун, цIализе ва лъалхъул ишиараби битIун лъезе ругьун гьари.

## БитIараб ва хъвалсараб калам (2сагIат).

**I.** БитIараб ва хъвалсараб каламалда ва авторасул рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен. БатIи-батIиял стилазул каламалъулъ битIараб калам хIалтIизаби.

**II.** Авторасул рагIабаздаги битIараб ва хъвалсараб каламалдаги гьоркьоб бугеб батIалъи батизе лъай. БитIараб калам хъвалсараб каламалде сверизабизе бажари.

## Жубараб предложение (1 сагIат).

Журарал предложениязул тайпаби, каламалъулъ гьел битIун хIалтIизаризе лъай. Союзал ругел журарал предложениял.

## Жубараб сокIкIараб предложение (2сагIат).

**I.** МагIнаялде балагьун, журарал сокIкIарал предложениязулъ ругел гIадатал предложениязул гьоркьоблъи. Союзалъул кумекалдалъун гьел загьир гьариялъул къагIидаби. Интонациялъул хасияал ва гьезда рекъон лъалхъул ишараби.

**II.** МагIнаялде балагьун, жубараб сокIкIараб предложениялъул бутIаби ратIа гьаризе лъай (иш цого заманалда лъугьун букIин, иш хадуб-цебе тартибалда лъугьун букIин, иш гIаксалда кколеб букIин, иш цояб тун, цогияб лъугьун букIин ва гь. ц.). Журарал  сокIкIарал предложениязулъ лъалхъул ишараби лъезе, гьезул разбор гьабизе лъай.

## Журарал нахърилълъарал предложениял (4 сагIат).

**I.** МагIнаялде балагьун, журарал нахърилълъарал предложениязулъ ругел гIадатал предложениязул гьоркьоблъи. Жубарараб нахъбилълъараб предложениялъул гIуцIи; бетIераб ва тIаджубараб предложение; бетIерабги тIаджубарабги предложениялъул цо чIараб бакI букIунареблъи; гьел цолъизаризе хIалтIизарулел союз рагIаби. Союз гьечIел журарал сокIкIарал ва журарал нахърилълъарал предложениял синонимал хIисабалда хIалтIизари. БатIи-батIияб стилалъул каламалъулъ журарал нахърилълъарал предложениял хIалтIизариялъул къагIидаби.

**II.** Журарал нахърилълъарал предложениязул синтаксияб разбор гьабизе лъай. Каламалъулъ журарал нахърилълъарал, журарал сокIкIарал ва ратIа гьарулел членалгун гIадатал предложениязул синтаксисалъул синонимал хIисабалда разбор гьабизе ругьунлъи. Журарал нахърилълъарал предложениязулъ лъалхъул ишараби лъезе лъай.

## Цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб предложение (3 сагIат).

**I.** Цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб нахъбилъларараб предложение гIуцIи. Союзал ругеб яги союзал гьечIеб, цо чанго предложениялдасан гIуцIараб жубараб нахъбилъларараб предложение. СокIкIиналъулги нахъбилълъиналъулги бухъен жиндилъ бугеб жубараб предложение.

**II.** ТIадехун рехсарал журарал предложениязул разбор гьабизе ва гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе цIалдохъаби ругьун гьари.

## Союзал гьечIел журарал предложениял (3 сагIат).

**I.** Союзал ва союз рагIаби гьечIел журарал предложениязулъ ругел гIадатал предложениязул гьоркьоблъи. Союзал гьечIел журарал предложениязулъ лъалхъул ишараби.

**II.** Союзал гьечIел журарал предложениязул разбор гьабизе, интонацияги цIунун, цIализе ругьун гьари.

## Калам цебетIезаби (4 сагIат).

# Къиматал лъезе чIезарурал нормаби.

## Диктантазе къимат лъолеб куц.

| | |
|---|---|
| «5» | къимат лъола гъалатI гьечIеб хIалтIуе. Гьеб къимат лъолеб диктанталда букIине бегьула битIунхъваялъулъ биччараб 1 сакъат (гьитIинаб гъалатI) яги лъалхъул ишараби лъеялъулъ ккараб 1 гIунгутIи. |
| «4» | къимат лъола битIунхъваялъулъ 2 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 2 гъалатI бугеб, яги битIунхъваялъулъ 1, лъалхъул ишарабазулъ 3, яги битIунхъваялъулъ цониги гъалатIги гьечIеб, лъалхъул ишарабазулъ 4 гъалатI биччараб диктанталъе. Лъезе бегьула битIунхъваялъулъ цого тайпаялъул 3 гъалатI ккун батани. |
| «3» | къимат лъола битIунхъваялъулъ 4 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 4 гъалатI батараб диктанталъе, яги битIунхъваялъулъ 3 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 5, яги битIунхъваялъулъ цониги гъалатI гьечIеб, лъалхъул ишараби лъеялъулъ 7 гъалатI ккараб хIалтIуе. |
| «2» | къимат лъола битIунхъваялъулъ 6 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 8, яги битIунхъваялъулъ 5 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 9, яги битIунхъваялъулъ 8 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 6 гъалатI биччараб диктанталъе. |
| «1» | къимат лъола кIийилаб къиматалъе рихьизарураздаса цIикIкIун гъалатIалругеб диктанталъе. |

Диктанталъе гъалатIал рикIкIунеб чанго батIияб къагIида бихьизабун буго. Амма щибаб къиматалъе гъалатIазул гIурхъи чIезабун буго. «4» къиматлъе гьединаб гIурхъилъун ккола битIунхъваялъул 2 гъалатI, «3» къиматалъе 4 битIунхъваялъул гъалатI, (5 классалъе битIунхъваялъул 5 гъалатI) , «2» къиматалъе 7 битIунхъваялъул гъалатI. Гьеб чIезабураб гIорхъодаса гъалатIазул къадар тIаде ани, рехсарал къиматал лъезе бегьуларо.

## Грамматикиял тIадкъаял тIуразариялъе къиматал лъолеб куц:

| | |
|---|---|
| «5» | къимат лъола, гъалатI гьечIого, киналго тIадкъаял тIуран ратани. |
| «4» | къимат лъола, киналго тIадкъаязул ункъилъа лъабил бутIа (3/4) битIун гьабун батани. |
| «3» | къимат лъола, бащадалниги тIадкъаял битIун гьарун ратании. |
| «2» | къимат лъола, бащадалдаса дагь гурони, битIун тIуразазул тIадкъаял ратичIони. |
| «1» | къимат лъола, цIалдохъанас цониги тIадкъай тIубан батичIони. |

## Контролияб словарияб диктанталъе къиматал лъолеб куц:

| | |
|---|---|
| «5» | къимат лъола гъалатI гьечIеб диктанталъе |
| «4» | къимат лъола 1-2 гъалатI биччан батараб диктанталъе. |
| «3» | къимат лъола 3-4 биччан батараб диктанталъе. |
| «2» | къимат лъола 5-ялдаса 7-ялде щвезегIан гъалатIал ккун ратани. |
| «1» | къимат лъола 7-ялдаса цIикIкIун гъалатI биччан батани. |

# Сочинениязе ва изложениязе къимат лъолеб куц.

| Къиматал | ХIисабалде росизе кколал аслиял рахъал | |
|---|---|---|
| | МагIна ва калам гIуцIи | БитIунхъвай |
| «5» | Къураб темаялдаса къуричIеб хIасилалъул хIалтIи. МагIнаялъулъ гъалатI гьечIолъи. Планалда рекъараб, гьеб гьечIогоги, хадуб цебе рекъон бачIараб магIна букIин. ХIалтIи букIине ккола бечедаб, лексикаялъул, рагIи херхиналъул рахъалъ мухIканаб, предложениязул гIуцIиялъул ва гьел дандраялъул рахъалъан батIи-батIиял ресаздаса пайда босараб. Тексталъул мацIалъул букIуна дурусльи ва гIураб пасихIльи. БукIине бегьула магIнаялъулъ 1 сакъатги, калам гIуцIиялъулъ 1-2 гIунгутIиги. | БукIине бегьула 1 битIунхъваялъул, яги 1 лъалхъул ишараби лъеялъул, яги 1 грамматикияб гъалатI. |
| «4» | Къураб темаялдаса дагьа-макъабго гурони къури гьечIеб магIнаялъул хIалтIи. Аслияб къагIидаялъ хIасил битIарабги букIун, магIнаялъулъ цо-цо сакъат ккараб. Хъвараб жо хадуб-цебе рекъон бачIиналъулъ дагьа-макъал гIунгутIабиругеб. Калам гIуцIизе рагIул бечельиялдаса ва грамматикиял къагIидабаздаса гIураб къадаралда пайда босараб. Бицунеб жоялда мухIканаб рекъараб литературияб мацI букIин. Гьениб ккун букIине бегьула магIнаялъулъ 2 сакъат, калам гIуцIиялъулъ 3-4 гIунгутIи. | БукIине бегьула битIунхъваялъул 2, лъалхъул ишараби лъеялъул 2 гъалатI, яги битIунхъваялъул 1 ва лъалхъул ишарабазул 3, яги битIунхъваялъул гъалатI гьечIеб, лъалхъул ишараби лъеялъулъ 4 гъалатI, гьединго 2 грамматикияб гъалатIги. |
| «3» | ХIасил къураб темаялдаса лъикIго къуризе биччан бугеб. Аслияб къагIидаялъ хIасил битIараб бугони, магIнаялъулъ гIунгутIаби риччараб. Хадуб-цебе рекъон бачIиналъулъ цо-цо сакъатал ругеб. Мукъсанаб лексикаялъул, цого тайпаялъул предложениялдаса данде гьабураб хIалтIи батани, мекъи рагIаби хIалтIизариялъул хIужжаби дандчIвалеб. МацIалъул рахъалъан дурусльи, мухIканльи цIунизе кIвечIеб. Хъвалеб жоялъул магIнаялъулъ 4 сакъат ва калам гIуцIиялъулъ 5 гIунгутIи ккун букIине бегьула. | БукIине бегьула битIунхъваялъул 4, лъалхъул ишараби лъеялъул 4 гъалатI, яги битIунхъваялъул 3 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 5 гъалатI, яги битIунхъваялъул гъалатIги гьечIого, лъалхъул ишараби лъеялъул 7 гъалатI(5 кл.: битIунхъваялъул 5 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 4 гъалатI, гьединго грамматикияб 4 гъалатI). |
| «2» | Къураб темаялда данде кколареб хIасилалъул хIалтIи. МагIнаялъулъ гIемерал гIунгутIаби риччараб. Хъвараб жоялъул киналго бутIабазда гьоркьоб хадуб-цебе рекъон бачIиналъул тартиб гьечIеб, текст планалда данде кколареб. ЦIакъго мукъсанаб лексикаялъул, къокъал, цого тайпаялъул, цоцаздехун загIипаб гурони бухьен гьечIел предложениялдасан гIуцIараб, мекъи хIалтIизарурал рагIаби ругеб хIалтIи. Тексталъул магIнаялда рекъараб мацI гьечIеб. МагIнаялъулъ 6 ва калам гIуцIиялъулъ 7 гIунгутIи ккун букIине бегьула. | Биччан букIине бегьула битIунхъваялъул 7 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 7 гъалатI, яги битIунхъваялъул 6 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 8, яги битIунхъваялъул 5, лъалхъул ишараби лъеялъул 9 гъалатI. |
| «1» | ЦIалдохъанас хъвараб хIалтIулъ биччан бугони магIнаялъулъ 6-ялдаса цIикIкIун ва калам гIуцIиялъулъ 7-ялдаса цIикIкIун гъалатI. | Биччан батани 7-ялдаса цIикIкIун битIунхъваялъул ва 7-ялдаса цIикIкIун лъалхъул ишарабазул ва 7 грамматикияб гъалатI. |

**Баян.** 1. Мисалияб къадаралдаса сочинение 1,5-2 нухалъ кIудияб яги гьитIинаб бугони, битIунхъваялъе «4» къимат лъолелъул цо, «3» къимат лъолелъул кIиго гъалатI тIаде жубала яги тIаса бахъула. Масала, «4» къимат лъола битIунхъваялъул 3, лъалхъул ишараби лъеялъул 2, грамматикаялъул 2 гъалатI батани, яги гьебго тартибалда:2-3-2, 2-2-3, «3» къимат лъола битIунхъваялъул 6, лъалхъул ишараби лъеялъул 4, грамматикаялъул 4 гъалатI бугони, яги гьебго тартибалда гьадинаб къадаралъул гъалатIал ратани:4-6-4,4-4-6. 2. КъучIаб, жиндирго пикруялда берцинаб литературияб мацIалъ цIалдохъанас гъваридаб магIнаялъул сочинение хъван батани, учителас цо ракъаналъ цебесеб (ай адабияталъе лъолеб) къимат тIаде бачине бегьула.
3. ХIасилалъухъ ва калам гIуцIиялъухъ лъикIаб къимат лъезе рес гьечIо, сочинениялъул тема рагьун батичIони, гьелъул цогидал рахъал рагьунел ругониги.

**Ругьунлъиялъул хIалтIабазе къимат лъолеб куц.**

Контролиял хIалтIабазда дандеккун, ругьунлъиялъул диктантазе ва цогидалги батIи-батIиял хъвавул хIалтIабазе къимат лъола дагьаб кьваризабун.
Ругьунлъиялъул хIалтIабазе къимат кьолелъул хIисабалде босула:

1) Живго жиндаго чIун цIалдохъанасухъа бажарараб жо;
2) Малъараб материал бичIчIун бугеб куц;
3) ХIалтIул кIодолъи-гьитIинлъи.

Ккезе бегьулел гъалатIазде цебеккунго лъималазул кIвар буссинабун бугони, «5», «4» къиматал лъола цониги гъалатI гьечIеб, ккараб жинцаго битIизабураб хIалтIиялъе. Гьезда гьоркъосанги цояб къимат тIаса бищи бараб буго хIалтIул бацIцIалъиялда, хатIалъул берцинлъиялда.

Диктанталдаса кIудияб ругьунлъиялъул хIалтIуе «4» къимат лъезе бегьула, 1-2 гъалатI ккунги букIун, гьелги жинцаго ритIизарун ратани. Классалда букIа, рокъоб букIа цIалдохъанас хъвараб ругьунлъиялъул хIалтIухъ хал гьабула, гьелъие къимат лъей-лъунгутIи живго учителасул иш буго: кIвар бугелъе лъела, гьечIеб бер щвезабун тезеги бегьила. Ккезе бегьулел гъалатIазде цебеккунго лъималазул кIвар буссинабичIого, тIубанго жалго жидедаго чIун, цIалдохъабаз хъварал хIалтIабазе къимат лъола гьеб тайпаялъул контролиял хIалтIабазе чIезарурал нормабазда рекъон.

| № | Дарс кьураб къо | | Дарсил тема | Дарсил тайпа | Дарсида гьарулел ишал | ЦIалдохъанасда лъазе ккола | Рокъобе хIалтIи |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | план-да рекъон | хIакъи-къаталда | | | | | |
| 1 | 01.09 | | Предложениялдаса рагIабазул дандраялъул батIалъи. | цоцалъ жубараб | лекция, гара - чIвари, таблица гIуцIи, тIехьгун хIалтIи. | предл - са рагIабазул дандр. батIалъи чIезабизе. | § 5 хI. 21. |
| 2 | 06.09 | | РагIабазул дандраязулъги предложениязулъги рагIабазул бухьен. | такрар гьаби | накъит, схемаби гIуцIи, р. дандраял риххи | р. дандраязул бухьеналъул тайпа чIезабизе, р. дандраял рихххизе | § 6 хI. 22 |
| 3 | 13.09 | | ***Калам цебетIезаби.*** РагIабазул дандраяздаса предложениял гIуцIи. | калам цебетIезаби | предложениял яги гьитIинаб хабар гIуцIи | р. д. предложениял гIуцIизе | гьум. 18 суал. хIадурлъизе |
| 4 | 20.09 | | Хабариял, суалиял, тIалабиял предложениял. АхIул предложениял. | цоцалъ жубараб | гара-чIвари, цIалдохъабазул цIех - рех гьаби, баян гьабулеб (объяснит.) диктант | бицунеб жоялъул мурадалде ва интонациялде балагьун предл. тайпа чIезабизе | § 9 хI. 33 |
| 5 | 27.09 | | ***Диктант (грамм. тIадкъ.)*** | лъай хал гьабиялъул | | орфографиялъул, лъалхъул ишараби лъеялъул хаслъаби лъазе. | |
| 6 | 04.10 | | БетIерал членал. | такрар гьаби | Предлож. риххи, жив - живасе хасаб хIалтIи кьей | бетIерал членал предложениязда жанир ратизе | § 11-16 хI. 68 |
| 7 | 11.10 | | БетIерал гурел членал. | такрар гьаби | жив - живасе хасаб хIалтIи кьей, предл. рихххи | предлож-да жанир бетIерал гурел членал ратизе | § 17 - 20 |
| 8 | 18.10 | | РатIалъизарурал членал. | такрар гьаби | ратIалъиз. членазе баян кьей, карточкабигун хIалтIи, таблица гIуцIи | интонациялдалъун ва лъалхъул ишараби лъеялдалъун ратIалъ. членал ратIа гьари | § 37 - 40 |
| 9 | 25.10 | | **Калам цебетIезаби.** РатIалъизарурал членалги гъорлъе ккезарун, тIабигIаталъул гьитIинабго хабар хъвай. | калам цебетIезабиялъул | хабар хъвай | ратIалъиз.членалги гъорлъе ккезарун хабар хъвазе | |

| № | Дарс къураб къо | | Дарсил тема | Дарсил тайпа | Дарсида гьарулел ишал | ЩIалдохъанасда лъазе ккола | Рокъобе хIалтIи |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | план-да рекъон | хIакъи-къаталда | | | | | |
| 10 | 25.10 | | Предложениялъул тайпа цоял членал. | такрар гьаби | суалазе жавабал, жив-живасе хасаб хIалтIи кьей (карточкаби) | т. ц. чл. ратизе лъай, союзазул группаби лъай, сунца цолъизарун рукIунел | § 31, 32 хI.122 |
| 11 | 15.11 | | Тайпа цоял членалгун цадахъ гIамлъул рагIаби. | такрар гьаби | таблицагун хIалтIи, тIехьалдаса хIалтIаби гьари | лъалхъул ишараби лъезе, схемабазда рекъон предложениял гIуцIизе | § 33 хI.130 |
| 12 | 22.11 | | ***Калам цебетIезаби.*** Изложение «Унсоколоса ХIожоги гуржиявги». (гьум. 178) | калам цебетIезаби | план гIуцIи | рагIараб текст хъвазе | |
| 13 | 29.11 | | ХитIаб. | цоцалъ жубараб | диктант, тIехьгун хIалтIи | хитIаб батизе | ТIибитIараб хитIабгун предложениял гIуцIизе |
| 14 | 06.12 | | Гьоркьор ккарал рагIаби ва предложениял | такрар гьаби | таблицагун ва тIехьгун хIалтIи | гьоркьор ккарал рагIабазул магIнаби, ратизе ва ратIа рахъизе интонациялдалъун ва лъалхъул ишараби лъеялдалъун | § 35 хI. 141 |
| 15 | 13.12 | | ***Контролияб диктант (грамм. тIадкъ.).*** | лъай хал гьабиялъул | диктант хъвай, грамм. тIадкъаял гьари | малъараб материал лъай, тексталъулъ грамматикиял гьалатIал ратизе лъай, щвараб материал хIалтIизабизе лъай | |
| 16 | 20.12 | | БитIараб калам. | цоцалъ жубараб | тIехьгун хIалтIи, баян гьабиялъул диктант (лъалхъул ишараби лъеялъул) | схемаби гIуцIизе, битIараб калам батизе, лъалхъул ишараби лъезе | § 41 хI. 165 |
| 17 | 27.12 | | БитIараб калам хъвалсаралдалъун хиси. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи | хъвалсараб каламгун предложениял ратизе, битI. калам хъвалсаралдалъун хисизе | § 43-44 |

| № | Дарс кьураб къо | | Дарсил тема | Дарсил тайпа | Дарсида гьарулел ишал | ЦIалдохъанасда лъазе ккола | Рокъобе хIалтIи |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | план-да рекъон | хIакъи-къаталда | | | | | |
| 18 | 10.01 | | ***Контролияб хIалтIи. ТЕСТ.*** | лъай хал гьабиялъул | тестал гьари | щвараб лъай хIалтIизабизе | |
| 19 | 17.01 | | Жубараб предложение. Союзалгун ругел журарал сокIкIарал предложениял. | такрар гьаби | гара-чIвари гьаби, цIалд. цIех-рех гьаби, текстальул анализ гьаби | союзазул группаби, лъалхъул ишараби битIун лъезе, каламалъулъ журарал предложениял хIалтIизаризе | § 45 хI. 177 |
| 20 | 24.01 | | Союз гьечIеб жубараб предложениязулъ кIитIанкI. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, карточкаби, жив-живасе хасаб хIалтIи кьей | кIитIанкI лъолеб къагIида | § 48 хI.185 |
| 21 | 31.01 | | Союз гьечIеб жубараб предложениязулъ тире. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, предложениязул анализ гьаби | союз гьечIеб жубараб предложениязулъ тире лъезе лъай | § 49 хI.187 |
| 22 | 01.02 | | Журарал нахърилълъарал предложениял. Подлежащеелъун тIаджубараб предложение. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи | подлежащеелъун тIаджубараб предложение батизе | § 53 хI. 196 |
| 23 | 08.02 | | БитIараб дополнениелъун тIаджубараб предложение. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, предложениязул анализ гьаби | битIараб дополнениелъун тIаджубараб предложение батизе | § 54 |
| 24 | 15.02 | | Хъвалсараб дополнениелъун тIаджубараб предложение. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, предложениязул анализ гьаби | хъвалсараб дополнениелъун тIаджубараб предложение батизе | § 55 хI. 201 |
| 25 | 22.02 | | ***Калам цебетIезаби.*** Сочинение | лъай хал гьабиялъул | сочинение хъвай | лъалхъул ишараби лъеялъул ва орфографиялъул нормаби цIунун, кьураб темаялда рекъон текст гIуцIизе лъай | |
| 26 | 07.03 | | Определениелъун тIаджубараб предложение. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, предложениязул анализ гьаби | определениелъун тIаджубараб предложение батизе | § 56 хI. 206 |
| 27 | 14.03 | | ХIалаллъун тIаджурарал предложениял. Ишалъул куцлъун тIаджубараб предложение. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи | лъалхъул ишараби лъезе, иш. куцлъун тIадж. предл. дееприч. св-са батIа бахъизе | § 57 |

| № | Дарс кьураб къо | | Дарсил тема | Дарсил тайпа | Дарсида гьарулел ишал | ЦIалдохъанасда лъазе ккола | Рокъобе хIалтIи |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | план-да рекъон | хIакъи-къаталда | | | | | |
| **28** | 21.03 | | БакIлъун тIаджубараб предложение. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, предложениял гIуцIи | бакIлъун тIаджубараб предложение батизе, лъалхъул ишара лъун батIа бахъизе | § 58 х1.213 |
| **29** | 04.04 | | ***Контролияб диктант. (грамм. тIадкъ.)*** | лъай хал гьабиялъул | диктант хъвай, грамм. тIадкъаял гьари | щвараб лъай, материал хIалтIизабизе лъай, хIалтIулъ грамм. гъалатIал ратизе лъай | |
| **30** | 11.04 | | Заманлъун тIаджубараб предложение. ГIилла-мурадлъун тIаджубараб предложение. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи, предложениял гIуцIи | заманлъун тIадж., гIилла-мурадлъун тIаджуб предл. батIа бахъизе, гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе лъай | § 59,60 |
| **31** | 18.04 | | ШартIияб тIаджубараб предложение. Уступительнияб тIаджубараб предолжение. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи | щартIияб ва уступительнияб предложение гIуцIизе лъай, лъалхъул ишараби лъезе лъай | § 61,62 |
| **32** | 25.04 | | **ТЕСТ «Жубараб преложение».** | лъай хал гьабиялъул | жалго жидедаго чIун тестал гьари | щвараб лъай хIалтIизабизе | |
| **33** | 16.05 | | Цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение. | такрар гьаби | тIехьгун хIалтIи | тексталъулъ цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъ. предл. батизе лъай, щиб баян гьабулеб бугебали лъазе, лъалхъул ишараби лъезе лъай | § 63 |
| **34** | 23.05 | | МацIалъул хIакъалъулъ гIаммал баянал. | | | | гьум. 145 |

## *ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН*

*ХIалтIул программа гIуцIун буго гьоркьохъеб школалъул авар мацIалъул программаялъул кьочIодалъун.*
*Авар мацIалъул программа хIадур гьабуна ГI.ГI. Тахо-Годил цIаралда бугеб Дагъистаналъул гIелмиябгин цIех-рехалъул педагогикияб институталъул мацIазул секторалъ. Программа гIуцIана Вакилов ХI.С., ХIамзатиов А.ГЪ.*
*Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул министерствоялъ тасдикъ гьабураб.*
*МахIачхъала: НИИ педагогикаялъул издательство.*
*Авар мацIалъул тематикияб план гIуцIун буго учебникалдаса « Дагъистаналъул адабият 11 кл.».*
*Авар адабият: А. Г. ХIамзатов ва С. М. ХIайбулаев*
*СагIтазул къадар:*
*Авар адабият: 68*
*Анкьида жаниб сагIтазул къадар:*
*Авар адабият: 2*

### ***XI классалда тIоритIулел кIалзулал ва хъвавулал хIалтIабазул аслиял тайпаби.***

*ПасихIго художествияб литература цIали. Жинца бицине ва хъвазе бугеб хабаралъе (кIалъаялъе) план гIуцIи.*

*Малъараб асаралда (яги чанго асаразда) тIасан жиндирго пикруги загьир гьабун, сочинениял хIадури (хъванги бицунги).*

*ЦIалдохъабазул жидерго захIматалъул, гьез обществоялъе гьабулеб пайдаяб хIалтIул бицарал творческиял сочинениял хъвай.*

*Цо яги чанго литературияб асаралда тIасан кIалъай хIадуризе.*

*Жинцаго цIаларал тIахьазе, хал гьабураб фильмалъе, сценалда бихьараб пьесаялъе къимат кьезе (рецензия хъвазе).*

**Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъ X-XI классазул цIалдохъабазда цере лъолел тIалабал.**

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

- Дагъистаналъул литературиялда жаниб XIX гIасруялда ккарал тарихиял лъугьа-бахъиназул хаслъи батизе ва бицине;
- поэтазул асаразул хаслъи, миллияб литература цебетIезабиялъулъ гьез лъураб бутIа;
- гIурус литературиялъул дарсазда малъарал литературияб теориялъул баяназдаса пайда босизе;
- рекIехъе лъазаризе рихъизарурал асарал.

**ЦIалдохъабазухъа бажаризе ккола:**

**I**

- хъвадарухъанас рихъизарулел лъугьа-бахъиназул сурат цебечIезабизе;
- художествияб хаслъиги хIисабалде босун, малъараб асаралъул анализ гьабизе;
- асаралъул гIуцIи, лъугьа-бахъиналъул рахас героязул образал, сипатияб калам дандекъан, асаралъул идея ва художествияб хаслъи рагьизе гьезул бугеб кIвар батизе;
- асаралъул героясул хасият-гIамалалъе къимат кьезе, цо яги чанго асаралъул героял дандеккун, гьезул гIаммал ва хасал рахъал ратизе;
- асаралъул герояздехун, гьенир кколел лъугьа-бахъиназдехун авторасул бербалагьи батизе;
- малъарал асаралги кьочIое росун, авторасул творчествоялъулги гьесул рухIияб дунялалъулги хурхен чIезабизе;
- цIалараб асаралъе жинца кьолеб къимат кьучIаблъун гьарулел хIужжаби рачине;

**II**

- художествияб асар пасихIго цIализе;
- жиндир кIалзулаб ва хъвавулаб кIалъаялъе план гIуцIизе;
- батIи-батIиял тайпабазул сочинение данде гьабизе (бицунги хъвангиl);
- захIматалъул темаялда творческиял сочинениял хъвазе (жидерго хIалтIул хIалбихьялъул кьучIалда);
- учителасул лекциялъул, литературияб критикаялъул, ричIчIизе бигьаял гIелмиял макъалабазул къокъаб хIасил хъвазе;
- цо яги кIиго, лъабго асаралда тIасан доклад хIадуризе;
- жинцаго цIалараб тIехьалъе, бихьараб киноялъе, спектаклялъе, выставкаялъе къимат кьун, хъвазе;

| № | Дарс кьураб къо | | Дарсил тема | Дарсил тайпа | Дарсида гьарулел ишал | ЦІалдохъанасда лъазе ккола | Рокъобе хІалтІи |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | план-да рекъон | хІакъи-къаталда | | | | | |
| 1 | | | ***Обзоралъе асарал.*** **1917-1945 соназда Дагъистаналъул миллияб адабият.** **ГІабдула МухаІамадов. Гъазияв ГІали. Хрюгалдаса ТІагьир.** | цІияб дарс малъи | лекция, гара-чІвари, тІехьгун хІалтІи | кьураб темаялда рекъон, хІажатаб материал батизе, хъв-л тв-во | асарал цІализе |
| 2 | | | **МухІидин Чаринов. Наби Ханмурзаев. Багьавудин Астемиров.** | цІияб дарс малъи | гара-чІвари, тІехьгун хІалтІи | хъв-л творчествогун лъай-хъвай гьаби, асаразул хІасил лъазе | асарал цІализе |
| 3 | | | **МухІамад Хуршилов. Ражаб ДинмухІамаев.** | цоцалъ жубараб | гара-чІвари, тІехьгун хІалтІи | хъв-л гІумру, асаразул хІасил | асарал цІализе |
| 4 | | | **ГІабдулвагьаб Сулейманов. ГІалибег ФатахІов. Багьавудин Митаров.** | цІияб дарс малъи | гара-чІвари, тІехьгун хІалтІи | хъв-л гІумру, асаразул хІасил | асарал цІализе |
| 5 | | | ***Тексталккун малъизе асарал.*** **СтІал Сулейман** «Эркенлъи», «Октябралъул революция». | цІияб дарс малъи | гара-чІвари, тІехьгун хІалтІи | поэтасул гІумру (жиндирго хІакъалъулъ хабар гьорлъ бачун), кучІдул пасихІ цІализе, гьезул гІадатаб анализ гьабизе | хъв-л гІумру, кучІдузул анализалде хІадурлъизе |
| 6 | | | «Муллабазде» «Бечедал чиновникал». | цІияб дарс малъи | кучІдул цІали, тІехьгун хІалтІи | тема, кочІол пикру | кучІдузул анализалде хІадурлъизе |
| 7 | | | «ХІалтІухъан». «Нилъер къуват». | цІияб дарс малъи | гара-чІвари, тІехьгун хІалтІи | тема, кочІол пикру | цІализе, анализалде хІадурлъизе |
| 8 | | | «Комсомол». | цІияб дарс малъи | гара-чІвари, тІехьгун хІалтІи | кечІ рекІехъе бицине, тема, кочІол пикру | рекІехъе бицине |
| 9 | | | **Калам цебетІезаби** **Сочинение** «Советиял миллатазда гьоркьоб гьудуллъи тІегьай». | калам цебетІезабиялъул | сочинение хъвай | темаялда рекъон план гІуцІизе, литературияб материал тІасабищизе | |

| № | Дарс кьураб къо | | Дарсил тема | Дарсил тайпа | Дарсида гьарулел ишал | ЦIалдохъанасда лъазе ккола | Рокъобе хIалтIи |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | план-да рекъон | хIакъи-къаталда | | | | | |
| 10 | | | **ЦIадаса ХIамзат** «ГIисинил гьвел кечI» | цIияб дарс малъи | лекция, гара-чIвари, тIехьгун хIалтIи | хъв-л гIумру ва тв-во, кочIол анализ гьабизе | гьум. 53-59 суал. ва тIадкъ. хIадурлъ. |
| 11 | | | «Советазде щал рищизе кколел?» «ХIамабагьадурлъи» «МагIарул росабазде дандеккун Москваялъул гIунгутIаби». | цIияб дарс малъи | гара-чIвари, тIехьгун хIалтIи | ХIамзатил юморалъул хаслъи, мацIалъул пасих1лъи, бегIерлъи, гIадатлъи. | суал. ва тIадкъ. тIад хIалтIи. |
| 12 | | | «Балагьалъул гъамас». | цоцалъ жубараб | гара-чIвари, тIехьгун хIалтIи | I-II пардавалъул хIасил, ролазде бикьун пасихIго цIализе | I-II пардав рол. бикьун цIализе |
| 13 | | | «Балагьалъул гъамас». | цIияб дарс малъи | гара-чIвари, тIехьгун хIалтIи | хIасил, ролазде бикьун ц1ализе | III пардав рол. бикьун цIализе |
| 14 | | | «Балагьалъул гъамас». | цIияб дарс малъи | гара-чIвари, тIехьгун хIалтIи | хIасил, ролазде бикьун цIализе | IV пардав рол. бикьун цIализе, анализалде хIадурлъизе |
| 15 | | | **Класстун къватIисеб цIали.** ЦI. ХIамзат «КIодоласул ригьин». | цIияб дарс малъи | | хIасил лъазе | цIализе |
| 16 | | | **Заид ХIажиев** «Тушманасе хвел», «Тушман тIагIинавизин», «Бергьенлъи нилъехъ букIина». | цIияб дарс малъи | лекция, тIехьгун хIалтIи | З. ХIажиев тIоцересел драмаялъул асаразул автор, кочIол мацIалъул дуруслъи, пасихIлъи | идейнияб тематикияб анализалде хIадурлъизе |
| 17 | | | «Маххул къебелъухъ» «Дибирги ясги». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | поэзиялъул кIваралъул ва поэтасул борчалъул хIакъалъулъ пикраби рехсон ругеб куц | гьум. 93 «Дибирги ясги» рол. бикь.цIализе |

| № | Дарс кьураб къо | | Дарсил тема | Дарсил тайпа | Дарсида гьарулел ишал | ЦIалдохъанасда лъазе ккола | Рокъобе хIалтIи |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | план-да рекъон | хIакъи-къаталда | | | | | |
| 18 | | | «ТIогьол магIдан». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | кечI рекIехъе бицине | кечI рекIехъе бицине |
| 19 | | | **Калам цебетIезаби** **Сочинение** «ГIагараб ракьалде свин гьечIеб рокьи». | калам цебетIезабиялъул | сочинение хъвай | темаялда рекъон план гIуцIизе, литературияб материал тIасабищизе | |
| 20 | | | **Эфенди Капиев** «Поэт» абураб бутIаялъул «Гуч» абураб бетIер. | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | гIумруялъул ва лит-яб хIаракаталъул къокъаб баян | гьум. 111-114 |
| 21 | | | «Гуч». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | асаралъул идея, образал, къисаялъул хаслъи | гьум. 115-118 |
| 22 | | | **Класстун къватIисеб цIали.** **СтIал Сулейман** «Дагъистан», «ТIагIа цебеса, хераб дуниял». | цIияб дарс малъи | гара-чIвари | кучIдул пасихIго цIализе | |
| 23 | | | **АбутIалиб Гапуров** «Баси» | цIияб дарс малъи | лекция, тIехьгун хIалтIи | поэтасул гIумруялъул хIакъ-лъ гIатIидаб баян | анализалде хIадурлъизе |
| 24 | | | «Дида бичIчIана». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | рагIуе бакI къварибаб, магIна бечедаб халкъияв поэтасул асаразул камиллъи лъазе | анализалде хIадурлъизе |
| 25 | | | «ДугIа». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | тема, пикру | анализалде хIадурлъизе |
| 26 | | | «ГIакъилал рагIаби». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | тема, аслияб пикру батизе | рекIехъе бицине |
| 27 | | | «МугIрул», «Катил хIеж». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | тема, аслияб пикру батизе | анализалде хIадурлъизе |
| 28 | | | **Калам цебетIезаби** **Сочинение** «Дир анищ ккараб махщел?». | лъай хал гьабиялъул | сочинение хъвай | литературияб материал тIасабищизе, щвараб лъай практикаялда хIалтIизабизе | |
| 29 | | | **Абулмуслим Жафаров** «ЧIагоял рукъуларо». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | хъв-л гIумруялъул ва тв-л хIакъ-лъ къокъаб баян | гьум. 126-135 |

| № | Дарс кьураб къо | | Дарсил тема | Дарсил тайпа | Дарсида гьарулел ишал | ЦIалдохъанасда лъазе ккола | Рокъобе хIалтIи |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | план-да рекъон | хIакъи-къаталда | | | | | |
| 30 | | | «ЧIагоял рукъуларо». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | поэмаялда рагъул тема рагьиялъул хаслъи. асаралъул идея, образал | гьум.135-141 |
| 31 | | | «Куркьбал ругеб хъачагъ». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | хIасил бицине | «Вехьасул хабар» бицине |
| 32 | | | «Куркьбал ругеб хъачагъ». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | хIасил бицине | «ГьацIул кьураби» бицине |
| 33 | | | **Класстун къватIисеб цIали.**<br>А. Гъапуров «Наги Нецаги», «Ихдал кеч1». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | хIасил лъазе | цIализе |
| 34 | | | ***Обзоралъе асарал.***<br>**1946-1990 соназда Дагъистаналъул миллияб адабият.** | Цоцалъ жубараб | лекция, накъит, тIехьгун хIалтIи | дагъ-л хъв-л II,III,IV,V съездал, миллияб лит-ра цебет1еялъе гьезул к1вар, миллиял мацI-да газетал, журналал рахъизе байбихьи, гьелъул кIвар | доклад хIадур гьабизе |
| 35 | | | **Къияс Мажидов**<br>**ШахIамир Мурадов**<br>**Анвар Аджиев**<br>**Юсуп Хаппалаев**<br>**МухIамад Шамхалов.** | цоцалъ жубараб | лекция, тIехьгун хIалтIи | хъв-л асаралгун лъай-хъвай гьаби | цIализе |
| 36 | | | **МухIамад Сулиманов**<br>**МухIамадсултан ЯхIяев**<br>**ГIабдулмажид Хачалов**<br>**Машидат Гъайирбекова**<br>**ХIажи Гъазимирзаев** | цоцалъ жубараб | лекция, тIехьгун хIалтIи | хъв-л асаралгун лъай-хъвай гьаби | цIализе |
| 37 | | | **Рашид Рашидов**<br>**Бадави Рамазанов**<br>**Тажудин Таймасханов**<br>**ГIалирза СагIидов**<br>**ГIабдула Даганов** | цоцалъ жубараб | лекция, тIехьгун хIалтIи | хъв-л асаралгун лъай-хъвай гьаби | цIализе |

| № | Дарс кьураб къо | | Дарсил тема | Дарсил тайпа | Дарсида гьарулел ишал | ЦIалдохъанасда лъазе ккола | Рокъобе хIалтIи |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | план-да рекъон | хIакъи-къаталда | | | | | |
| 38 | | | ГIабасил МухIамад<br>ГIумархIажи Шахтаманов<br>Ибрагьим ХIусенов<br>МухIамад Атабаев<br>Гъазимбег БахIандов | цоцалъ жубараб | лекция, тIехьгун хIалтIи | хъв-л асаралгун лъай-хъвай гьаби | цIализе |
| 39 | | | **Калам цебетIезаби**<br>**Сочинение.**<br>Дагъистаналъул поэтазул кучIдузулъ ВатIан хиралъиялъул асар.(жидецаго тIасарищарал кIиго-лъабго поэтасул асаразул кьучIалда) | калам цебетIезабиялъул | сочинение хъвай | литературияб материал тIасабищизе, щвараб лъай практикаялда хIалтIизабизе лъай | |
| 40 | | | **Расул ХIамазатов**<br>«Хъулбузул хIакъалъулъ». | цоцалъ жубараб | лекция, накъит, тIехьгун хIалтIи | поэтасул тв-во, кочIол анализ гьабизе | суал. хIадурлъизе |
| 41 | | | «Васигат». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | тIоцебесеб 2 куп. роценги аллитерацияги чIезабизе, анализ хIисабалда кечI пасихIго цIализе | кочIол анализалде хIадурлъизе |
| 42 | | | «Гьудулзаби цIуне». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | кечI пасихIго цIализе, кочIол анализ гьабизе | кечI пасихIго цIализе, суал. хIадурлъизе |
| 43 | | | **Класстун къватIисеб цIали.**<br>**Р. ХIамзатов** «МагIарулай». | цоцалъ жубараб дарс | накъит, мультимедия хIалтIизаби | хIасил | цIализе |
| 44 | | | «КечIали щайгурин, щибаб рагIиги». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | суалазе жавабал ратизе, кечI рекIехъе рикIине | рекIехъе лъазабизе |
| 45 | | | «Рокьи бачIана». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | кочIол анализ гьабизе | гIадатаб анализалде хIадурлъизе |
| 46 | | | «Инсулгун гара-чIвари» | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи, лекция | поэма пасихIго цIализе, хIасил | суалазде хIадурлъизе |

| № | Дарс кьураб къо | | Дарсил тема | Дарсил тайпа | Дарсида гьарулел ишал | ЦIалдохъанасда лъазе ккола | Рокъобе хIалтIи |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | план-да рекъон | хIакъи-къаталда | | | | | |
| 47 | | | **Калам цебетIезаби** **Сочинение** «Цебеги гьанжеги магIарулалъул къисмат» (Р. ХIамаз-сул «МагIарулай» абураб поэмаялъул кьучIалда | калам цебетIезабиялъул | сочинение хъвай | сочинениялъул план гIуцIизе, литературияб материал тIасабищизе, бухьараб текст гьабун, жидерго пикраби рехсезе | |
| 48 | | | **АхIмадхан Абубакар** «ХъахIаб сайгак». | цоцалъ жубараб | накъит, мультимедия, тIехьгун хIалтIи | гIумруялъул ва тв-л къокъго («Даргиязул ясал») | II бетIер бицине |
| 49 | | | «ХъахIаб сайгак». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | хIасил бицине | III бетIер бицине |
| 50 | | | «ХъахIаб сайгак». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | хIасил бицине | гьум. 275-278 бицине |
| 51 | | | «ХъахIаб сайгак». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | хIасил бицине, къисаялъул художествияб хаслъи, тема, пикру батизе | гьум. 271-274 бицине |
| 52 | | | **Класстун къватIисеб цIали.** Э. Капиев «Поэт». | цIияб дарс малъи | гара-чIвари, лекция | хIасил, анализ гьабизе, пасихIго цIализе | цIализе, суалазде хIадурлъизе |
| 53 | | | **Муса МухIамадов** «Бакъдасел» къисаялдаса новеллаби. «МагIарухъе сапар». | цоцалъ жубараб | лекция, накъит, мультимедия, тIехьгун хIалтIи | хъв-л гIумру, хIасил, къисаялъул идея, аслияб образал | «МагIарухъе сапар» бицине |
| 54 | | | «ЧIегIераб гамачI». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | хIасил | гьум.285-290, цIализе |
| 55 | | | «ЧIегIераб гамачI». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | хIасил, тема, аслияб пикру батизе | гьум. 291-296 цIализе, суал. хIадурлъ. |
| 56 | | | **Калам цебетIезаби.** Изложение | калам цебетIезабиялъул | изложение хъвай | изложение хъваялъул хаслъаби, рагIаралдаса аслияб батIабахъизе | |
| 57 | | | **Аткъай Аджаматов** (Обзор) «РитIучIил лълъурдул». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | хIасил | цIализе |

| № | Дарс кьураб къо |  | Дарсил тема | Дарсил тайпа | Дарсида гьарулел ишал | ЦIалдохъанасда лъазе ккола | Рокъобе хIалтIи |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
|  | план-да рекъон | хIакъи-къаталда |  |  |  |  |  |
| 58 |  |  | «Дун чIухIула».(обзор) | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | хIасил | гьум. 309-316 цIализе |
| 59 |  |  | «Дун чIухIула».(обзор) | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | хIасил | гьум. 317-325 цIализе |
| 60 |  |  | **Фазу ГIалиева** «Кьолбол мугьру». | цоцалъ жубараб | Мультимедия, лекция, гара- чIвари, тIехьгун хIалтIи | поэтессал гIумру, хабаралъул хIасил | гьум.326-332 бицине |
| 61 |  |  | «Кьолбол мугьру». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | хIасил бицине | гьум. 333-340 бицине |
| 62 |  |  | «Кьолбол мугьру». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | хIасил бицине, романалъул художествияб хаслъи, тема, пикру батизе | гьум. 340-348 бицине |
| 63 |  |  | **МутIалиб Митаров** «Чагуралъул къиса». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | хъв-л гIумру, поэмаялъул тема, идея, аслиял образал | цIализе, суалазде хIадурлъизе |
| 64 |  |  | **Хизгил Авшалумов** «Вас». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | хъв-л гIумру, хIасил бицине | бицине |
| 65 |  |  | «Дербенталдаса Шимил Харбаздасан» | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | хIасил бицине | бицине |
| 66 |  |  | «ЩайтIан». | цIияб дарс малъи | тIехьгун хIалтIи | хIасил, тема, аслияб пикру батизе | цIализе, суал. хIадурлъ. |
| 67 |  |  | **МухIамад АхIмадов** «Эркенаб гIакълу». | цIияб дарс малъи | лекция, тIехьгун хIалтIи | хъв-л гIумру ва тво-во , пасихIго цIализе | пасихIго цIализе |
| 68 |  |  | Араб материал такрар гьаби. |  |  |  |  |

ДОКУМЕНТ ПОДПИСАН
ЭЛЕКТРОННОЙ ПОДПИСЬЮ

СВЕДЕНИЯ О СЕРТИФИКАТЕ ЭП

Сертификат 603332450510203670830559428146817986133868575785

Владелец Омаров Халид Насрулаевич

Действителен С 31.03.2021 по 31.03.2022